

Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl

Tit: Fèmti McCormack ak Edwards

Dat: 2 desanm 2020

Èske **ZOUTI PLANIFIKASYON POU EKITE RASYAL BPS** la te itilize?
(Wi oswa Non):

Wi (anvan sa pou fizyon McCormack/ BCLA; an pwogrè pou aplike fèmti McCormack ak Edwards)

Seksyon sou zouti planifikasyon pou ekite rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/prezantasyon ak enpak <i>Ki rezilta ak enpak ki swete pou pwopozisyon/prezantasyon an? Kiyès ki te dirije pwosesis sa a epi èske yo reflekte divèsite elèv/fanmi BPS yo?</i></p>	<p>Prezantasyon BuildBPS la gen ladan mizajou sou anpil pwojè; Deklarasyon Enpak sou Ekite a konsantre sou de eleman ki nesite yon vòt Komite Lekòl la: fèmti lekòl entèmedyè McCormack ak fèmti lekòl entèmedyè Edwards. Pou fèmti tou de lekòl yo, rezilta swete a se rive jwenn yon amonizasyon nan nivo tout distri a sou konfigirasyon klas nan lekòl yo nan elimine lekòl entèmedyè, epi bay elèv yo aksè ak yon anviwònman aprantisaj bon jan kalite pou sipòte tranzisyon yo nan yon lòt lekòl ki pral sipòte reyisit akademik yo.</p> <p>McCormack School pral fè fizyon avèk Boston Community Leadership Academy (BCLA). Pwosesis sa a sou pye depi plis pase de (2) ane, epi aktyèlman se yon ekip konsepsyon ki gen ladan pwofesè, lidè lekòl ak pèsonèl biwo santral la ki reflekte divèsite nan kominote BPS la, k ap dirije li. Ekip la vize sipòte yon fizyon fasil de kominote sa yo nan kreye yon lekòl segondè 7yèm rive 12yèm ane ki reflekte valè endividiyèl ak resous ki pataje yo.</p> <p>Elèv Edwards yo pral chwazi ki lekòl ki gen plas lib ke yo ta renmen ale, epi yo pral jwenn sipò pou fè chwa ki pi apwopriye pou bezwen aprantisaj endividiyèl yo. Charlestown High School (CHS) ap agrandi pou sèvi elèv ki nan klas 7yèm rive 12yèm ane epi li pral akeyi elèv Edwards tankou lòt elèv ki nan katye a ak pi lwen. Travay sa a se sitou lidè lekòl yo, Sipè-entandan lekòl yo ak pèsonèl biwo santral la ki pral dirije li epi yo pral elaji li pou entegre pwofesè, elèv ak manm yo nan kominote a nan mwa k ap vini yo.</p>
<p>2. Aliyman ak plan estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/prezantasyon an aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Angajman 4, Priyorite 4 nan plan estratejik la se "mete anplas BuildBPS pou asire chemen ak koneksyon ekitab ant lekòl yo." Fèmti de (2) nan sis (6) lekòl entèmedyè yo nan distri a aliyen dirèkteman ak plan estratejik la nan kreye chemen ki pi ekitab ant lekòl elemantè ak segondè yo.</p>

<p>3. Analiz done <i>Ki done ou te itilize pou analize pwoblèm/sijè a? Èske li te dekonpoze pa ras? Kisa li te montre konsènan disparite sou popilasyon ki istorikman majinalize yo?</i></p>	<p>Done kantitatif ak kalitatif yo te itilize pou evalye opsyon konfigirasyon ki posib ak enpak potansyèl yo pou fèmte chak lekòl. Analiz done yo te gen ladan pèfòmans lekòl la, pèfòmans elèv, done demografik elèv yo (ras/gwoup etnik, kalite pwogram, katye orijin, transpò), ak Endis Opòtinite BPS la.</p> <p>Yon Analiz sou Ekite te fèt nan prentan 2019 pou detèmine ki lekòl patnè ki t ap chwa patnè ki pi ekitab pou McCormack. Rezilta Analiz sou Ekite sa a endike ke BCLA ta lekòl patnè ki pi apwopriye a. Analiz la te detèmine ke chwa BCLA t ap bay plis opòtinite ekitab pou elèv yo ak fanmi yo nan BPS paske kominote lekòl ki fè fizyon an pral sèvi popilasyon ke distri a te idantifye kòm popilasyon ki gen gwo bezwen, san yo pa egzije an menm tan pou yo kanpe oswa redui nan sèvis bay nenpòt lòt popilasyon ki gen gwo bezwen.</p>
<p>4. Angajman pati entereze yo <i>Ki moun ki te angaje (kantite, done demografik ak wòl), kijan e kisa li te bay? Kisa elèv/fanmi ki pi afekte akòz pwopozisyon/prezantasyon an te di?</i></p>	<p>Fèmte lekòl entèmedyè yo, ki gen ladan previzyon pou fèmte Edwards, te anonse nan mwa me 2019 la bay Komite Lekòl la ak kominote lekòl yo.</p> <p>Apati anons lan e depi lè sa a, kominote McCormack la te angaje li plizyè fwa pandan dènye ane ki sot pase yo, sa gen ladan reyinyon ak pwofesè ak lòt pèsònèl, dirijan UMASS Boston, patnè yo ak manm yo nan kominote a.</p> <p>Pèsònèl Edwards ak fanmi yo te angaje nan yon nivo limite nan fèmte k ap vini an. Plis angajman nesèsè, espesyalman pou fanmi, patnè ak lekòl yo ki gen chans pou resevwa elèv ki transfere yo.</p>
<p>5. Estrateji pou ekite rasyal <i>Kijan pwopozisyon/prezantasyon sa a bese disparite ak ogmante ekite, espesyalman ekite rasyal? Ki konsekans ki pa prevwa yo? Ki estrateji konplèmantè ki pral pèmèt ekite a plis avanse?</i></p>	<p>Yon pwosesis solid ap kòmanse pou repanse lekòl segondè BPS ke Direktè Lekòl, Sipè-entandan Lekòl, ekip biwo santral McCormack/BCLA, Charlestown, ak East Boston High School t ap dirije yo, epi pral gen ladan yo byento kominote lekòl yo.</p> <p>Konsepsyon lekòl agrandi yo ap baze sou aplikasyon zouti planifikasyon pou Ekite Rasyal ak estrateji pou asire ekite, sitou ekite rasyal. Espesyalman, ekip la pral gade enpak sou elèv yo ki lye ak pwogram espesyalize yo (nan evalye ki sèvis elèv yo resevwa, tankou anviwònman Edikasyon Espesyal ki byen separe oswa enstriksyon diferansye pou Elèv k ap Aprann Anglè), lè transpò (vize pou elèv yo gen yon trajè egal oswa pi kout), ak posiblite pou elèv yo transfere an gwoup.</p>
<p>6. Bidjè ak Aplikasyon <i>Kisa enpak bidjè yo ye? Kijan aplikasyon an pral asire ke objektif pou ekite yo atenn? Èske gen dirijan ak pèsònèl ki Nwa, Latino epi ki pote yon lantiy ekite rasyal?</i></p>	<p>Lekòl ki ajoute nouvo klas yo pral resevwa lajan anplis, epi nan kèk ka, kèk pòs anplis, pou sipòte ekspansyon an. Alokasyon bidjè espesifik yo pral defini pandan pwosesis bidjè a nan kòmansman ane 2021 an.</p>

	<p>Ekip pou konsepyon yo te kreye entansyonèlman pou reflekte divèsite nan kominote BPS nou an. Ekip pou konsepyon yo se ko-kreyatè endikatè reyisit pou lekòl segondè elaji yo ak tranzisyon elèv yo pou kenbe ekip yo responsab nan mwa k ap vini yo.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kijan enpak yo pral evalye, dokimante ak kominike bay pati entereze yo? Ki moun ki pral responsab sa?</i></p>	<p>Ekip BuildBPS la planifye pou lanse yon seri angajman nan ane 2021 an pou ranmase plis opinyon atravè vil la sou chanjman yo pou ane lekòl 2021-2022 an ansanm ak planifikasyon alontèm. Sipè-entandan Lekòl yo, Direktè Lekòl yo, ak Responsab Lekòl yo pral travay depre ak ekip santral biwo BuildBPS la ak ekip konsepyon pwojè yo pou asire referans ki endike yo respekte.</p> <p>Elèv ki ale nan Edwards ak McCormack yo pral jwenn swivi pou asire yo nan tranzisyon toutbon pou nouvo lekòl yo nan nivo akademik ak global. Sipò sa yo pral gen diferans ki baze sou chwa elèv yo, done demografik ak pwofil yo.</p>